

**SUMATIF AKHIR TAHUN SEMESTER GENAP
MADRASAH IBTIDAIYAH PSM NGLENCONG GENENG
TAHUN PELAJARAN 2025/2026**

Mapel : B JAWA	Nama :
Kelas : 5	W a k t u : 90 Menit

- **Pilihlah jawaban yang benar huruf a, b, c, atau d kemudian tulis di dalam kotak !**

1. Bacalah teks berikut dengan cermat!

Ing jaman modhern iki, teknologi smartphone wis dadi kabutuhan pokok. Smartphone ora mung kanggo alat komunikasi, nanging uga kanggo sarana hiburan lan golek informasi babagan ilmu pengetahuan kanthi cepet.

Teks ing dhuwur miturut isine kalebu jinis teks...

- A. Eksposisi
- B. Narasi
- C. Deskripsi
- D. Persuasi

2. Bacalah teks berikut dengan cermat!

Ing jaman modhern iki, teknologi smartphone wis dadi kabutuhan pokok. Smartphone ora mung kanggo alat komunikasi, nanging uga kanggo sarana hiburan lan golek informasi babagan ilmu pengetahuan kanthi cepet.

Saka teks ing dhuwur, fungsi utama smartphone miturut teks kasebut yaiku...

- A. Mung kanggo gaya urip
- B. Alat komunikasi, hiburan, lan informasi
- C. Kanggo pamer ing media sosial
- D. Mung kanggo dolanan game sedina muput

3. Teks kang isine jlentrehake utawa nerangake sawijining bab kanthi cetha lan runtut supaya pamaca mangerti diarani teks...

- A. Deskripsi
- B. Narasi
- C. Eksposisi
- D. Argumentasi

4. Kang dadi titikane utawa ciri-ciri teks eksposisi yaiku...

- A. Isine arupa khayalan utawa fiksi pangripta
- B. Isine ngajak pamaca supaya melu apa sing dikarepake
- C. Nyritakake kedadeyan kanthi urutan wektu lan tokoh sing cetha
- D. Ngandhut informasi utawa kawruh sing asipat faktual

5. Tembang macapat kang nggambarake perjalanan urip manungsa wiwit lair nganti tumekaning pati iku cacahé ana...

- A. 9
- B. 10
- C. 11
- D. 12

6. **Bacalah teks berikut dengan cermat!**

Ngelmu iku kalakone kanthi laku, lekase lawan kas, tegese kas nyantosani, setya budya pangekese dur angkara.

Tembang ing dhuwur miturut paugerane kalebu jinise tembang macapat...

- A. Pocung
- B. Gambuh
- C. Kinanthi
- D. Pangkur

7. **Bacalah teks berikut dengan cermat!**

Ngelmu iku kalakone kanthi laku, lekase lawan kas, tegese kas nyantosani, setya budya pangekese dur angkara.

Pitutor luhur saka tembang ing dhuwur yaiku...

- A. Golek ngelmu iku kudu direwangi usaha lan niat sing kuwat
- B. Ngelmu iku gampang digoleki yen manungsa duwe dhuwit akeh
- C. Wong pinter mesthi bakal dadi pemimpin sing sugih
- D. Golek ngelmu iku mung cocog kanggo wong sing isih enom

8. Guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu saka tembang Pocung kang bener yaiku...

- A. 4 gatra: 12u, 6a, 8i, 12a
- B. 5 gatra: 7u, 10u, 12i, 8u, 8o
- C. 6 gatra: 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
- D. 7 gatra: 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i

9. Tembang Gambuh iku lumrahe nduweni watak...

- A. Sedhik lan nelangsa
- B. Rumaket, kulina, lan paseduluran sing raket
- C. Galak lan seneng nantang
- D. Seneng lan seneng guyon sembrana

10. Paugeran guru gatra saka tembang Gambuh yaiku dumadi saka ... gatra saben sapada.

- A. 4
- B. 5
- C. 6

- D. 7
11. Tembang Kinanthi asale saka tembung kanthi kang nduweni teges...
- A. Ditinggalake tanpa pamit
 - B. Dituntun utawa digandheng
 - C. Diculake saka tanggungan

- D. Diseneni amarga salah
12. **Perhatikan tabel berikut!**

No	Tembang	Guru Gatra
1	Pocung	4
2	Gambuh	5
3	Kinanthi	6
4	Maskumambang	5

Adhedhasar tabel paugeran guru gatra ing dhuwur, pratelan kang kurang trep utawa salah dituduhake dening nomer...

- A. 1
 - B. 2
 - C. 3
 - D. 4
13. Pasangan aksara Jawa kang minangka wujud carakan kanggo mateni swara iku cacahé ana...
- A. 10
 - B. 15
 - C. 20
 - D. 25
14. Fungsi utama saka panulisan nganggo pasangan aksara Jawa yaiku...
- A. Minangka tandha mungkasi sawijining ukara
 - B. Kanggo mateni aksara vokal ing aksara sadurunge saengga dadi aksara sigeg
 - C. Minangka ganti panulisan huruf kapital ing wiwitan ukara
 - D. Kanggo ngganti angka dadi aksara ing sistem etungan Jawa
15. **Perhatikan gambar berikut!**

17. Pratélan ing ngisor iki kang tuladha ukarane trep dilebokake ing teks eksposisi babagan teknologi yaiku...
- Ayo kanca-kanca padha tuku smartphone keluaran anyar ben ora ketinggalan jaman!
 - Ing sawijining dina, Budi mlaku-mlaku menyang toko elektronik karo bapake.
 - Internet asale saka tembung interconnected network kang nduweni fungsi nyambungake jaringan komputer ing saindenging donya.
 - Wah, apik banget pemandangan alam sing dideleng saka kamera iki!
18. Kang diarani guru wilangan ing paugeran tembang macapat yaiku...
- Cacahing wanda utawa suku kata saben sagatra
 - Cacahing gatra saben sapada utawa bait
 - Tibaning swara utawa vokal ing pungkasaning gatra
 - Dawa lan cendhake swara nalika nembang
19. Aksara Jawa Na yen diparingi sandhangan wulu banjur diwaca dadi swara...
- Ne
 - Ni
 - Nu
 - No
20. Panulisan aksara Jawa sing bener kanggo tembung Numpak sepur bakal mbutuhake pasangan...
- Pa lan Sa
 - Ma lan Sa
 - Pa lan Se
 - Ka lan Sa
21. **Pilihlah lebih dari satu jawaban yang benar dengan memberikan tanda centang (✓)!**
- Titikane utawa ciri-ciri teks eksposisi ing ngisor iki kang bener yaiku...
- Ngandhut informasi utawa fakta kang bener anane
 - Duweni sifat meksa lan ngajak pamaca (persuasif)
 - Ditulis kanthi basa sing lugas, ringkes, lan cetha
 - Isine mung karangan utawa fiksi murni saka pangripta
22. **Pilihlah lebih dari satu jawaban yang benar dengan memberikan tanda centang (✓)!**
- Saka wujud tembang-tembang macapat ing ngisor iki, kang kalebu tembang macapat kanthi guru gatra luwih saka 4 gatra yaiku...
- Pocung
 - Gambuh

- C. Kinanthi
 D. Maskumambang
23. **Pilihlah lebih dari satu jawaban yang benar dengan memberikan tanda centang (✓)!**

Paugeran utawa aturan baku ing sajroning nulis lan maca tembang macapat dumadi saka...

- A. Guru gatra
 B. Guru basa
 C. Guru wilangan
 D. Guru lagu

24. **Pilihlah lebih dari satu jawaban yang benar dengan memberikan tanda centang (✓)!**

Ing tatanan aksara Jawa, ana pasangan kang panulisane sejajar utawa manggon ing mburi aksara sadurunge. Pasangan kasebut yaiku...

- A. Ha
 B. Sa
 C. Pa
 D. La

25. **Bacalah teks berikut dengan cermat! Pilihlah lebih dari satu jawaban yang benar dengan memberikan tanda centang (✓)!**

Kemajuan teknologi internet ing jaman saiki menehi pengaruh sing gedhe tumrap uripe manungsa. Ing bidang pamulangan, murid dadi luwih gampang nggolek bahan pelajaran. Ing bidang sosial, komunikasi antar kulawarga lan kanca dadi luwih cepet sanajan kpisah jarak sing adoh. Nanging, uga akeh informasi palsu sing nyebar tanpa filter.

Saka teks ing dhuwur, kang kalebu dampak positif saka majune teknologi internet yaiku...

- A. Gampang golek informasi lan bahan pelajaran tumrap murid
 B. Gawe bocah dadi males sinau amarga kecanduan game online
 C. Komunikasi karo kanca lan kulawarga dadi luwih cepet lan gampang
 D. Dadi sarana nyebarake berita palsu utawa bohong ing masyarakat

26. **Berilah tanda silang (X) atau centang (✓) pada pilihan Benar atau Salah sesuai dengan pernyataan!**

Setitekn pratelan babagan teks eksposisi ing ngisor iki, banjur wenehana tandha ing pilihan sing bener utawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
Teks eksposisi ditulis kanggo menehi informasi utawa pangerten marang pamaca.		
Teks eksposisi asipat fiktif utawa wujud khayalan saka pamikirane pangripta.		

Basa kang digunakake ing teks eksposisi yaiku basa sing cetha, lugas, lan logis.		
--	--	--

27. **Berilah tanda silang (X) atau centang (✓) pada pilihan Benar atau Salah sesuai dengan pernyataan!**

Wacanen kanthi setiti pratelan babagan tembang Pocung, banjur temtokake bener utawa salahe pratelan kasebut!

Pernyataan	Benar	Salah
Tembang Pocung nduweni guru gatra cacahé 4 gatra ing saben sapada.		
Watake tembang Pocung iku nesu, galak, lan teges nalika ditembangake.		
Guru lagu lan guru wilangan gatra kapisan ing tembang Pocung yaiku 12u.		

28. **Berilah tanda silang (X) atau centang (✓) pada pilihan Benar atau Salah sesuai dengan pernyataan!**

Pratelan ing ngisor iki ngenani tembang Gambuh lan Kinanthi. Temtokake endi sing bener lan endi sing salah!

Pernyataan	Benar	Salah
Tembang Gambuh nduweni paugeran guru gatra cacah 5 saben sapadane.		
Tembang Kinanthi asale saka tembung kanthi sing tegese digandheng utawa dituntun.		
Tembang Gambuh lan Kinanthi iku kalebu jinis puisi utawa geguritan modern.		

29. **Berilah tanda silang (X) atau centang (✓) pada pilihan Benar atau Salah sesuai dengan pernyataan!**

Wacanen pratelan babagan paugeran nulis pasangan aksara Jawa iki, banjur temtokake bener salahe!

Pernyataan	Benar	Salah
Pasangan digunakake kanggo mateni aksara urip (vokal) ing tengah ukara utawa tembung.		
Kabeh pasangan aksara Jawa sing gunggungé 20 iku panggone manggon ing ngisor aksara sing dipateni.		
Pasangan Ha, Sa, lan Pa minangka pasangan kang ditulis sejajar utawa ing mburine aksara sadurunge.		

30. **Berilah tanda silang (X) atau centang (✓) pada pilihan Benar atau Salah sesuai dengan pernyataan!**

Pratelan ngenani panulisan aksara Jawa mbutuhake pasangan. Temtokake pratelan iki bener utawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
------------	-------	-------

Panulisan aksara Jawa kanggo tembung Mangan pelem iku mbutuhake wujud pasangan Pa.		
Panulisan aksara Jawa kanggo tembung Tuku sate iku padha sekali ora mbutuhake pasangan.		
Panulisan aksara Jawa kanggo tembung Gajah mlaku iku mbutuhake pasangan Ga.		

31. Teks kang ancasa kanggo njlentrehake, ngandharake, utawa menehi pangerten kanthi cetha babagan sawijining bab supaya wawasan pamaca mundhak diarani teks...
32. Tibaning swara (vokal a, i, u, e, o) ing saben pungkasaning gatra ing paugeran tembang macapat diarani...
33. Paugerane tembang macapat Kinanthi iku dumadi saka ... gatra saben sapada.
34. Kanggo nulis tembung utawa aksara mati (sigeg) ing tengah ukara, carakan aksara Jawa mbutuhake wujud...
35. Pasangan aksara Jawa sing wujud padha wutuh karo wujud aksara asline antarane yaiku pasangan Ra, Ya, Ga, lan ...